# Т. СЕЙТЖАНОВ ПОЭМАЛАРЫНДА КӨРКЕМ СҮЎРЕТЛЕЎ УСЫЛЛАРЫ

(“Шегинген саҳра” поэмасы мысалында)

**Ш.Сайымбетов**

Өзбекистан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлери илим-изертлеў институты

## АННОТАЦИЯ

Мақолада Т.Сейтжановнинг “Чекинган саҳро” поэмасида тасвирланган ҳодисалар талқин қилинади. Поэмада воқеалик эпик тасвирлаш усулида бадиий тасвирланганлиги ўрганилади. “Чекинган саҳро”да эпик ифодалашнинг етакчилик этганлигига асосланиб, бу асар эпик поэма сифатида белгиланади.

**Калит сўзлар:** идея-тематика, бадиий тасвирлаш, эпик поэма, эпик тасвирлаш.

# ПРИЕМЫ ХУДОЖЕСТВЕННОГО ОПИСАНИЯ В ПОЭМАХ Т.СЕЙТЖАНОВА

(На примере поэмы “Отступающая пустыня”)

**Ш. Сайымбетов**

Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан

## АННОТАЦИЯ

В статье анализируется описанные события в поэме Т.Сейтжанова “Отступающая пустыня”. В поэме исследуется художественное описание события в методе эпического описания. Учитывая преобладание эпической экспрессии в “Отступающая пустыня”, это произведение определяется как эпическая поэма.

**Ключевые слова:** Идея-тематика, художественное описание, эпическая поэма, эпическое описание.

# TECHNIQUES OF ARTISTIC DESCRIPTION IN T. SEITZHANOV’S POEMS

(Using the example of the poem “Retreating Desert”)

**Sh. Sayimbetov**
Karakalpak research institute of humanities of the Karakalpak branch of the academy of sciences of the Republic of Uzbekistan

## ABSTRACT

The article analyzes the events described in T. Seitzhanov's poem "Retreating Desert" The poem explores the artistic description of an event using the method of epic description. Given the predominance of epic expression in " Retreating Desert ", this work is defined as an epic poem.

**Keywords:** Idea-theme, artistic description, epic poem, epic description.

Өткен ХХ әсирдиң 20-30-жыллары қарақалпақ әдебиятында пайда болған поэма жаңа жанрлық түр сыпатында қәлиплесиў дәўирин бастан кеширген болса, оның қурылысында әпиўайылық, ўақыяларды дәстүрий түрде избе-из сүўретлеў гүзетиледи. Қарақалпақ поэмаларының формалық, идея-тематикалық ҳәм көркемлик жақтан жетилисиўи, оның ишки структурасында лирикалық ҳәм драмалық элементлердиң күшейиўи менен байланыслы. 1950-жылларға келип, «поэма жанры раўажланыўы жолында жаңа түр, формалар менен, жаңа шығармалар менен тематикалық, идеялық, көркемлик, шеберлик, көпшиликке руўхый тәсир етиўшилик күши жағынан өсип, жетилисти»[Насруллаев: 134]. Поэмалардағы бундай сыпатлы белгилер 1940-1950-жыллары дөретилген Ж.Аймурзаевтың «Мениң жолдасларым» (1943) шағын поэмалар цикли, «Айдын жол» (1947), Д.Назбергеновтың «Сырлы көйлек» (1942), «Еки батыр» (1944), И.Юсуповтың «Жолдас муғаллим» (1949) поэмаларында ушырасады. Әлбетте, поэмалардың тәбиятында кешкен усындай жаңарыў процесслерин, көркем сөз ийелериниң изленислериниң унамлы нәтийжелери сыпатында баҳалаўымызға болады.

1960-жыллары қарақалпақ поэмашылығында эпикалық сүўретлеў усылы үстемлик етеди. Яғный, 1970-жылларға шекем қарақалпақ әдебиятында эпикалық поэмалар кең раўажланды. Бундай эпикалық поэмалардың раўажланыўында белгили көркем сөз ийеси Т.Сейтжановтың «Шегинген саҳра» (1960) шығармасы әҳмийетли орын ийелейди.

Т.Сейтжановтың «Шегинген саҳра» поэмасы прологтан басланып, онда шайыр Төрткүл халқының аўыл хожалығы ҳәм мал шарўашылығы тараўларындағы табысларын, бири-бирине болған иззет-ҳүрметин мақтаныш пенен тилге алынады. Поэманың тийкарғы бөлиминде болса, 1960-жыллардағы халқымыздың социаллық-жәмийетлик турмысында үлкен жаңалыққа айланған тың жерлерди өзлестириў, шөлистанды шегиндирип, жаңа егислик майданларын

ашыў, қулазып атырған кең далаларда таза қалаларды, елатларды пайда етиў идеясы алға сүриледи.

Поэманың басланыўы менен Төрткүлдеги Гүлайымның қаласы деп аталған «Қырық қыз» даласында неше мың жыллардан бери мүлгип жатырған саҳрайы шөлде канал қазыў, суў апарыў ҳәм тыңнан жаңа егислик жерлер ашып, бул мәканды гүллендириў ислери үстинде терең ойға батқан бас қаҳарман Розым менен танысамыз:

Розымның түнде қыял гезгенин,
Талай қыял жүрегин көп езгенин,
Мен айтпай-ақ билесеңғой, оқыўшым,
Қәне, кеттик изиме ер тез мениң.

Жыйылыс болды қызғын сөзли, табанлы
(Жөн-жосағы бурыннан-ақ таралды)
Тыңды жақлап сөзге шыққан адамлар,
Талай шийрин қыялларға оранды [Сейтжанов: 175].

Усылайынша, көркем сөз ийеси поэманың тийкарғы қаҳарманы менен таныстырып, эпикалық ўақыяларды сүўретлеўге өтеди. Болып өткен жыйналыста адамлар дәрриў-ақ, еки топарға бөлинеди. Розым менен Бахыт шөлди шегиндирип, жаңа егислик жерлерди ашыў тәрептары болса, айырымлары тыңнан жер ашыўдың аўыр машақатлы ис екенлигин айтып, «қолда бар күшти егислик жерлерге сарыплайық» деп шөлди өзлестириўшилерге қарсы шығады. Лекин, тың жерлерди өзлестириўдиң келешек ушын әҳмийетли екенлигин терең сезинген Розым өз мақсетинен қайтпай турып алады:

Бәрине де қол жетеди қәлесек,
Алдымызда күндей күлген келешек,
Орнымызға биреў келип жемейди,
Келешектиң ҳәзир ғамын жемесек [Сейтжанов: 177].

Усылайынша, поэма қаҳарманы Розым келешектеги уллы ислерге көзи жететуғын оптимист қаҳарман сыпатында сәўлеленген. Белгили алым Қ.Султановтың «поэманың сыпатлы белгилеринен бири: қаҳарман характерин жасаў ушын шайыр психологизмнен пайдаланыўға умтылады»[Султанов: 26] – деп атап өткениндей, поэманың сюжети бурынғы дәстүрий усылда баянлана берместен, айырым орынларда қаҳарманның психологиялық кеўил-кеширмелери, ишки толғаныслары ҳәм өз-ара тартысларының сүўретлениўи арқалы ашылған.

Поэмада Розымның терең ойға шүмиў себеплерин шайыр сол дәўирдеги ҳүкиметлик сиясатқа, жыйналысқа байланыстырады. Яғный, қаҳарманның

психологиялық ой-кеширмелери поэма сюжетиниң ағымын белгилеп береди. Жыйналыста Розым менен Бахыт «Қырық қыз»дағы бос жатқан жерлерди өзлестириў мәселесин көтерип шығады хәм адамларды усы ийгиликли иске қатнасыўға шақырады. Лекин, жыйналыс қатнасыўшылары бир шешимге келе алмай тарқасады. Розым менен Бахыттың «Қырық қыз» даласындағы тыңды өзлестириў хәм жаңа егислик жерлерди ашыў ислерин баслап жибериўине, аўыл ақсақалы Сейиттиң қоллап қуўатлаўлары хәм үгит-нәсият сөзлери демеў болады. Поэмада Сейит ата пүткил аўыл-елдиң сый-хүрметине миясар болған қаҳарман сыпатында сүўретленеди. Шайыр Сейитти:

Ақ көкирек жас баладай күлгени,
Есинен де шықты бурын бүлгени.
Заманында арқыраған ер болып,
Ҳәзир сыйлы бир жасы үлкен елдеги [Сейтжанов: 182] – деп сүўретлейди.

«Қырық қыз» даласын өзлестириў хәм жаңа канал қазыў ислери қыс мәўсиминде басланып, онда бәрше аўыл халқы қаҳарманлық мийнет етеди. Бәҳәрге келип, ийгиликли исте хызмет етип атырған қаҳарманлар аўыр машқалаға дус келеди. Бул поэмадағы эпикалық сюжеттиң раўажланыў шеги болып, онда жаңа жер ашыў хәм канал қазыў менен бәҳәрги егислик жумысларын қатар алып барыў ўақыялары сүўретленеди. Аўыл мийнеткешлери шөлди өзлестириў менен қоса егислик жумысларын да бирдей алып барыўға туўра келеди. Дәслеп, оларға қол күши менен техника жетиспей қыйналады. Қала берсе, сахраны өзлестириўге жегилген техникалар да бузылып, истен шығады. Соның салдарынан бәҳәрги егис жумыслары менен жаңа жер ашыў хәм канал қазыў ислериниң пәти төменлеп кетеди. Усындай қыйын пайытлары Сейит ата үйде отырған жасы үлкен кемпир-ғаррылардан жәрдем сорап, басланған исти тоқтатпай алып барыўға ериседи. Солай етип, аўылдың барлық кемпир-ғаррылары ғалаба мийнетке атланады. Бул поэмада былайынша көркем сүўретленеди:

Техникалы адам күши-кәрамат,
Зор идея-бойға қуўат, дәрамат.
Қандай күшли йош береди адамға,
Бул жыйынның туў сыртынан қарамақ! [Сейтжанов: 202].

Көп узамай пайтахттан алып келинген жаңа техникалар тосаңлап қалған ислерге тез пәт ендиреди. Шайыр өткен XX әсирдиң 50-60-жылларындағы мийнет процессиндеги жаңаланыўлар менен алға илгерилеўлерди, яғный, қол мийнетиниң орнына жаңа техникалардың алмасыўын қосық қатарларында былайынша көркем сүўретлеген:

Бүгинги ис кешегиден уллырақ,

Аўыл жатыр кең қушағын гүл орап,
Қол мийнети техникаға жүкленип,
Қалып атыр қой қорада бел, орақ [Сейтжанов: 204].

Поэмада сүўретленген ўақыялар бүгинги ўақыт деңгейинен алып қарағанда үлкен жаңалық болмаўы тәбийғый. Лекин, тың жерлерди өзлестирип, халық ийгилигине жумсаў сол дәўир ушын оғада әҳмийетли мәселе болды. Поэмада орын алған кемшиликлерге келсек, көркем сөз ийеси қаҳарманларды терең ойлы етип көрсетпекши болады ямаса шығарма сюжетине қатнасы жоқ персонажларды да қатнастырып, бул мәселе үстинде терең ойландырып қояды. Сонлықтан болса керек, бул поэманың жетискенлигине қарағанда кемшилиги көп екенлигин поэзия изертлеўшиси Т.Мәмбетниязов былайынша сынға алады: «Поэмада бас қаҳарман Оразды (райком секретары болса керек) тек кабинетинде я үйинде ойланып отырғанын көресең, оны адамлар арасында көрмейсең. Инженер жигит болса, ол да сүйиўшиликке берилип кетеди. Поэмадағы қаҳарман ҳәрекетлери усындай. Шайыр «Қырық қыз» ды аңсат ғана гүлленген үлкеге айландырады. Поэма жүдә көлемли 2000 қатар қосықтан ибарат. Усы 2000 қатар поэмада канал қазыўда болсын, тыңды өзлестириўде болсын айрықша көзге түскен бир қаҳарман жоқ»[Мәмбетниязов: 51]. Поэмада орын алған усындай кемшиликлер себебинен, шығарма көлеми оғада кеңейип кетип, шайыр поэмадағы ўақыяларды жуўмақлай алмағандай сезиледи. Әлбетте, бундай сүўретлеўлер китап оқыўшысын да талықтырып ҳәм жалықтырып қойыўы тәбийғый. Шығармада шийеленискен ямаса өткир конфликтлер ушыраспайды. Поэманың шешиминде ғана биз «Қырық қыз» даласында әжайып егислик майданлары ашылып, каналлар қазылып, суў келип, бул мәканның бағы-бақшалы қалаға айланғанлығын көремиз. Әлбетте, бул жағдай поэмада ўақыяларды лирикалық ҳәм драмалық сүўретлеўлерге қарағанда авторлық баянлаўдың басым орын ийелегенлигинде болып отыр.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ әдебиятында Т.Сейтжановтың «Шегинген сахра» поэмасы - мийнет темасы ҳәм оның дөретиўшилери болған мийнет адамларының өмирин кең эпикалық бағдарда көркем сүўретлеўге бағдарланыўы менен өзгешеленип турады.

**ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)**

1. Мәмбетниязов Т. Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. – Нөкис: Билим, 1994.

2. Насруллаев А. Заман ҳәм лироэпикалық поэзия. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965.

3. Сейтжанов Т. Шығармалары. I том. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.

4. Султанов Қ. Заманлас жаным менен... – Нөкис: Қарақалпақстан, 1972.